

## **BAB I**

### **BUBUKA**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) kasang tukang (2) rumusan masalah (3) tujuan panalungtikan (4) mangpaat panalungtikan (5) ambahan panalungtikan.

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Basa miboga peran penting dina kahirupan manusa salaku alat pikeun interaksi, jeung ngawangun hubungan sosial. Lian ti éta, basa bisa ngagambarkeun budaya, jati diri, jeung sajarah masarakat panyatur. Dina kontéks globalisasi, basa ogé jadi sasak antar budaya.

Basa Indonésia salaku basa nasional miboga fungsi minangka panyambung antar étnis, sedengkeun basa daérah salah sahiji fungsina digunakeun dina kahirupan sapopoé pikeun ngajaga jati diri budaya lokal. Sanajan kitu, dinamika ngagunakeun basa nyanghareupan pasualan anu penting. Upamana waé ancaman dina ngamumulé basa daérah mangrupa salah sahiji pasualan anu nyangkaruk, utamana di éra globalisasi ogé ayana pangaruh média sosial. Média sosial bisa méré pangaruh kana pamakéan basa dina kahirupan sapopoé ngaliwatan *tren* atawa basa *gaul* (Situmorang spk., 2024) Satuluyna, basa *gaul* bisa ngabalukarkeun ayana *pergeseran bahasa*, Sumarsono (dina Ramdhani & Enawar, 2019, kc. 280) nétélakeun yén *pergeseran bahasa* nyaéta hiji kajadian basa anu ditinggalkeun ku panyaturna tuluy diganti ku basa séjén. Salajengna, Holmes (dina Tamrin, 2018, kc. 71) nétélakeun *pergeseran bahasa* lumangsung dina rupa-rupa séktor kahirupan, di antarana ékonomi, budaya, atikan, pulitik, jeung pamaréntahan. *Pergeseran bahasa* bisa lumangsung alatan ayana pangaruh sosial jeung ékonomi, atawa pulitik anu ngabalukarkeun panyatur milih ngagunakeun basa dominan di masarakat ti batan basa indungna. Salian ti éta, parobahan jaman digital ogé méré ancaman, salah sahijina nyaéta muncul istilah anyar jeung pangaruh budaya global anu ngabalukarkeun parobahan makéna basa dina wangun kecap anyar, struktur kalimah, ogé munculna campur kode antara basa Indonésia, jeung basa Sunda.

Campur kode (*code-mixing*) nyaéta fénoména linguistik anu lumangsung nalika dua atawa leuwih basa dipaké sakaligus dina paguneman atawa dina hiji –

kalimah. Ieu fénoména lumangsung di masarakat *bilingual* atawa dwibasa, dimana individu miboga kamampu pikeun nyarita leuwih ti hiji basa. Dina campur kode, aya unsur-unsur tina basa anu béda kayaning kecap, frasa, atawa klausa, dicampurkeun jadi hiji wacana anu kohérén. Ieu prosés biasana lumangsung sacara langsung atawa *spontan* ogé teu kabéh dihaja, tapi minangka réspon kana situasi anu tangtu, pikeun ngébréhkeun konsép-konsép nu gampang kaharti dina basa séjén, némbongkeun idéntitas budaya, atawa ngaronjatkeun éféktivitas komunikasi. Panyatur di masarakat dwibasa teu mungkin ngagunakeun hiji basa sacara mutlak tanpa ngagunakeun unsur basa séjén. Nababan (dina Fathurrohman spk., 2013, kc. 3) nétélakeun yén ciri anu dominan dina campur kode nyaéta kaayaan teu formal lantaran dina situasi formal jarang aya campur kode.

Masalah ngeunaan campur kode ilaharna teu leupas tina pangaruh ayana kamajuan jaman. Kamajuan jaman mangrupa hal anu matak ngirut pikeun dititénan lantaran ku ayana kamajuan jaman méré kamekaran alat transportasi, téhnologi industri, jeung komunikasi kayaning média sosial nu jadi bukti ayana parobahan jaman. Dina jaman digital ayeuna, média sosial geus jadi *platform* utama pikeun komunikasi jeung babagi informasi di antara masarakat (Tsani & Musthafa, 2024, kc. 1466).

Média sosial mangrupa alat komunikasi éléktronik anu digunakeun ku masarakat pikeun babagi informasi, ngirim pesen pribadi, idé, atawa vidio (Hikmarezki spk., 2024). Média sosial anu beuki canggih téh bisa ngirut masarakat pikeun ngagunakeunana. Nasrullah (dina Pranyoto & Geli, 2020, kc. 32) nétélakeun yén média sosial nyaéta média internét anu digunakeun pikeun némbongkeun diri jeung interaksi, kolaborasi, babagi, komunikasi jeung dunya séjén ogé ngawangun beungkeutan sosial sacara virtual.

Nu maké média sosial kiwari teu diwatesanan ku umur, sagala rupa lapisan masarakat, kaasup rumaja (Dahniar & Sulistyawati, 2023). Ku kituna, loba *platform* média sosial anu digunakeun ku masarakat, salah sahijina nyaéta Tiktok. Media sosial, hususna Tiktok geus jadi alat utama pikeun kontén kréator ngaéksprésikeun diri jeung ngirut panongton nu leuwih réa, ngaliwatan kamekaran jeung jumlah nu maké, Tiktok jadi salah sahiji média sosial anu pangraména kalawan jumlah 1,8

milyar di taun 2024 (Kalodata, 2024). Ieu data tangtuna nuduhkeun ayana karonjatan ti taun saacanna. Katitén ku lobana nu ngagunakeun Tiktok ayeuna, loba ogé akun jeung kontén-kontén nu aya di masarakat salasahiji na nyaéta akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul). Dina kontén Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul) kapanggih fénoména campur kode. Ieu fénoména ngabuktikeun yén média sosial Tiktok bisa ngarobah cara jalma pikeun silih interaksi ngagunakeun basana sorangan. Di tilik tina kontéks fénoména basana, diperlukeun salah sahiji cabang linguistik pikeun nalungtik éta fénoména, nyaéta sosiolinguistik. Sosiolinguistik ngulik basa ku cara merhatikeun hubungan antara basa jeung masarakat, utamana jalma nu ngagunakeun éta basa. Jadi, tétéla yén sosiolinguistik merhatikeun hubungan antara dua hal, nyaéta linguistik jeung aspék sosiologis pikeun kamasarakatan (Abdurrahman, 2011).

Akun @situkangdahar\_ boga 1,6M jumlah pengikut di Tiktok. Lian ti éta, pikeun ngirut panongton, @situkangdahar\_ (Mang Epul) ngagunakeun gaya komunikasi nu interaktif, ogé ngagunakeun leuwih ti hiji basa jadi cara nu unik pikeun ngawanohkeun kadaharan nu réa ti daérah Sunda. Stratégi ieu lain saukur nyieun eusi leuwih relevan pikeun panongton global, tapi ogé nguatkeun idéntitas budaya lokal lantaran ngawanohkeun kadaharan Sunda ka masarakat. Kontén anu dijieun teu saukur méré informasi tapi ogé jadi référénsi pikeun para panongtonna. Ku kituna, panalungtik kairut pikeun nalungtik campur kode nu aya dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul).

Panalungtikan patali jeung campur kode geus aya nu nalungtik saméméhna. Di antarana, (1) *“Alih Kode dan Campur Kode dalam Video Youtube Jerome Polin Bersama Chef Arnold serta Relevansinya Sebagai Bahan Ajar Teks Anekdote di Sekolah Menengah Atas”* anu di talungtik ku (Aisah spk., 2022); (2) *“Analisis Penggunaan Campur Kode dalam Konten Wanderlearn pada Akun Tiktok Eranitri”* anu ditalungtik ku (Fauzi & Rosalina, 2023); (3) *“Campur Kode di Media Sosial Instagram Overheardbeauty”* anu ditalungtik ku (Hikmarezki spk., 2024); (4) *“Campur Kode Bahasa Indonesia-Inggris pada Akun Media Sosial Tiktok @Mrs.Corbuzier (Kajian Sosiolinguistik)”* anu ditalungtik ku (Tsani & Musthafa, 2024); (5) *“Campur Kode Bahasa Gaul dan Bahasa Sunda di Tiktok”* anu

ditalungtik ku (Ramadhan spk., 2023); (6) “*Analisis Campur Kode pada Tiktok Podcast Kesel Aje dan Dampaknya Terhadap Eksistensi Berbahasa Anak Milenial: Kajian Sociolinguistik*” anu ditalungtik ku (Dahniar & Sulistyawati, 2023); (7) “*Analisis Campur Kode dan Alih Kode dalam Film Susah Sinyal Serta Pemanfaatannya Sebagai Media Pembelajaran POV (Point Of View) Berbasis Tiktok Pada Materi Teks Drama Di SMA Kelas XI*” anu ditalungtik ku (Raharjo spk., 2024); (8) “*Alih Kode dan Campur Kode di Akun TikTok @\_sazh*” anu ditalungtik ku (Zakiyyatussholiha, 2024).

Dumasar panalungtikan saméméhna, kapanggih aya hal anu ngabédakeun jeung sasaruana tina pedaran di luhur. Ieu panalungtikan sarua pada-pada medar campur kode hususna dina sosial média. Nu ngabédakeun tina panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan nyaéta tina sumber data anu mana panalungtikan nu rék dilaksanakeun sumber datana tina vidio akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul). Salian ti sumber data anu béda dina panalungtikan saméméhna anu ditalungtik ku (Ramadhan spk., 2023) ngagunakeun metode déskriptif kualitatif sedengkeun kebaruan dina ieu panalungtikan ngagunakeun metode risét kombinasi kualitatif jeung kuantitatif. Dina ieu panalungtikan leuwih museur kana wanda jeung wujud campur kode nu aya dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul).

Panalungtik milih fokus ieu panalungtikan lantaran jaman ayeuna loba masarakat anu ngagunakeun aplikasi Tiktok. Fatimah (dina Dewanta, 2020) nétélakeun jumlah aplikasi Tiktok nu digunakeun leuwih réa tibatan aplikasi populér séjénna saperti *Youtube*, *WhatsApp*, *Facebook*, jeung *instagram*. Mayoritas nu ngagunakeunana nyaéta *gén z*.

Lobana nu maké média sosial Tiktok jadi cukang lantaran diayakeunna ieu panalungtikan. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan dijudulan “Campur Kode dina Akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Naon waé wanda campur kode anu kapaluruh dina akun tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul)?
- b. Naon waé wujud campur kode anu kapaluruh dina akun tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul)?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun ngolah jumlah jeung ngadéskripsikeun pasualan kabasaan, utamana maluruh ngeunaan campur kode dina akun tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul).

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus luyu kana rumusan masalah nu dijieun, nyaéta ngadéskripsikeun:

- a. wanda campur kode anu kapaluruh dina akun tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul);
- b. wujud campur kode nu kapaluruh dina akun tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul).

### **1.4 Mangpaat**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis pikeun nambahan pangaweruh hususna widang sosiolinguistik patali jeung hirup kumbuhna basa di masarakat ogé bisa dijadikeun référénsi data campur kode anu valid di masarakat.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Dipiharep ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis di antarana:

- a. pikeun lembaga, bisa nambahan sumber panalungtikan widang sosiolinguistik jeung dipiharep bisa leuwih merhatikeun kana basa katut budaya Sunda pikeun mawa pangaruh nu hadé kana lembaga na;
- b. pikeun panalungtik, bisa méré jeung nambahan pangaweruh patali jeung masalah campur kode hususna dina komunikasi digital;
- c. pikeun masarakat, méré informasi pikeun ngalarapkeun basa Sunda dina ngalatih kaparigelan nyarita ogé ngamumulé basa.

### **1.5 Ambahan Panalungtikan**

Ambahan Panalungtikan dijieun pikeun watesan dina nangtukeun sawatara perkara nu dipedar dina ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan diwangun ku lima Bab.

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

Bab II Tilikan Pustaka, medar ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Padika Panalungtikan, medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data jeung data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, pakakas panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, medar ngeunaan hasil nu ditalungtik dina bentuk téks atawa tabél, méré interprétasi jeung pedaran tina hasil. Hasil panalungtikan dipatalikeun jeung tiori atawa panalungtikan saméméhna.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi, medar ngeunaan kacindekan, implikasi atawa rékoméndasi.